

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode asal kecap tina *methodos* anu ngandung harti cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab jeung akibat. Numutkeun Ratna (2012, Kc. 34) méthode téh miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan. Ku kituna, panalungtik perlu pisan milih méthode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal nu antukna bisa nyangking atawa maham sagemblengna pasualan anu nyampak.

Saupama ditilik tina wandana, ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu ngahasilkeun data wangun deskriptif nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan ti jalma-jalma anu bisa ditalungtik (Bogdan jeung Taylor dina Moleong, 2007, kc. 4). Sangkan metode kualitatif bisa kalaksana sacara hadè kudu bisa ngumpulkeun data anu lengkep. Sumber data panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan lisan atawa tulisan nu ditalungtik sangkan bisa nyangking harti nu aya dina dokumèn atawa hal nu keur ditalungtik.

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik téh minangka méthode anu dilakonan ku cara ngdéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Ari cara gawéna nyaéta pikeun ngagambarkeun jeung méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012, kc.53). Ari fakta-fakta nu dimaksud dina ieu panalungtikan téh mangrupa data ngeunaan struktur carita, karakteristik tokoh utama, jeung konflik psikologis. Nilik kana éta hal, méthode déskriptif analitik téh luyu pikeun dipaké dina ieu panalungtikan.


#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha anu baris dilaksanakeun, di antarana: (1) tatahar, runtuyan anu kahiji nyaéta tatahar anu kagiatanana nangtukeun masalah nu bakal ditalungtik; (2) ngumpulkeun data, ku cara maca novel *Budak Teuneung*

tuluy nangtukeun data-data panalungtikan ku cara nyutat data nu dicangking dina wangun kartu data jeung tabulasi; (3) ngolah data, data anu geus dicangking sabada dikumpulkeun diolah sacara deskriptif kualitatif ngaliwatan léngkah katégorisasi; (4) nyieun kacindekan, nangtukeun hasil panalungtikan sarta méré saran keur panalungtikan satuluyna; (5) nyieun laporan, ngalaporkeun hal-hal anu geus dicangking sabada panalungtikan.

Ieu di handap mangrupa désain atawa bagan ngeunaan léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngajéntrékeun data struktur carita, karakteristik tokoh utama, jeung konflik psikologis dina novel *Budak Teuneung* dibutuhkeun téknik panalungtikan anu ngawengku téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik maca jeung téhnik nyutat. Anapon léngkah-léngkah téhnik maca téh nyaéta: (1) maca sacara gemet sakabéh eusi novel anu dipilih minangka fokus panalungtikan; (2) méré tanda dina bagian-bagian nu saluyu jeung rumusan masalah; (3) ngainterprétasikeun bagian-bagian nu aya hubunganana jeung rumusan masalah; jeung (4) ngadéskripsikeun sakabéh data nu geus dicangking tina éta léngkah-léngkah. Anapon léngkah-léngkah nyutat nu dilaksanakeun téh nyaéta nyutat hasil déskripsi jeung nyutat tulisan-tulisan data dina novel *Budak Teuneung* anu bisa mangrupa kecap jeung kalimah.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik déskriptif kualitatif ngaliwatan léngkah katégorisasi. Téhnik deskriptif kualitatif digunakeun sabab data dina ieu panalungtikan mangrupa kalimah-kalimah dina hiji carita, hususna novel. Ku kituna disebut data kualitatif. Pedaran dina ieu panalungtikan dilakukeun sacara déskriptif, nyaéta panalungtik nuliskeun déskripsi ngeunaan sagala hal anu nunjukkeun ayana wujud karakter tokoh utama, konflik psikologis, sarta sebab jeung balukar tina konflik psikologis nu karandapan ku tokoh utama dina novel.

Katégorisasi hartina nyusun katégori. Katégori téh mangrupa salasahiji gundukan tina saperangkat tumpukan anu disusun dumasar kana pikiran, *intuisi*, pamadegan atawa kritéria anu tangtu. Téhnik katégorisasi mangrupa runtuyan hasil gawé analisis. Ieu téhnik digunakeun pikeun nyieun kelompok-kelompok bagian carita nu saluyu jeung wangun karakter, wangun konflik psikologis, sarta sabab jeung balukar tina konflik psikologis nu karandapan ku tokoh utama. Sabada ngalakukeun katégorisasi, data bisa ditulis ngaliwatan tabulasi jeung déskripsi.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta tabulasi jeung kartu data. Kartu data digunakeun pikeun nabarikeun panalungtik milih jeung

milah data nu aya dina sumber data, Sedengkeun tabulasi digunakeun pikeun ngababarikeun panalungtik ngalaksanakeun katégorisasi data nu dicangking tina sumber data.

**a. Kartu Data Struktur Carita**

**Gambar 3.1**  
**Conto Kartu Data Téma**

<b>Kartu Data 1</b>	
Kode Data :	
Téma :	
Cutatan :	

**Gambar 3.2**  
**Conto Kartu Data Galur**

<b>Kartu Data 2</b>	
Bagian :	
Wincikan Carita :	

**Gambar 3.3**  
**Conto Kartu Data Latar**

<b>Kartu Data 3</b>	
Kode Data :	
Jenis Latar :	
Cutatan :	

**Gambar 3.4**  
**Conto Kartu Data Tokoh jeung Panokohan**

<b>Kartu Data 4</b>	
Jenis Tokoh	:
Ngaran Tokoh	:
Watek Tokoh	:

Conto analisis struktur carita novel *Budak Teuneung*

**Gambar 3.5**  
**Conto Kartu Data Téma**

<b>Kartu Data 4</b>	
Kode Data	: SC/1/1/4/1
Téma	: Budak Yatim
Cutatan	: Si Warji geus ditinggalkeun ku bapana ti umur dua taun

Pengkodean data dina kaca saméméhna dumasar kana unsur anu dianalisisna sangkan leuwih jéntré, katerangan data baris dipedar.

**Kode : SC/1/1/4/1**

Sc = Struktur Carita

1 = nuduhkeun kana kartu data 1 (Téma)

1 = nuduhkeun kana runtuyan data

4 = nuduhkeun kana kaca 4

1 = nuduhkeun kana paragraf ka 1

**Tabél 3.1**  
**Instrumen Mupu Data Karakteristik tokoh Utama**

No	Karakteristik	Cutatan	Kaca

**Tabél 3.2**  
**Instrumen Mupu Data Konflik Psikologis Tokoh Utama**

No	Ngaran Tokoh	Cutatan	Kaca	Wujud Konflik	Katerangan

### 3.5 Data jeung Sumber Data

Numutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2007, kc. 157) nétélakeun yén data dina panalungtikan kualitatifnya nyaéta kekecapan jeung kalakuan, satuluyna mangrupa data tambahan saperti dokumen jeung réa-réa deui. Anu jadi sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta buku novel pikeun barudak karya Samsoedi anu judulna *Budak Teuneung*. Sedengkeun sumber data sékundér dina ieu panalungtikan mangrupa jurnal, buku, artikel, jsb.


#### 3.5.1 Idéntitas Data

Judul : *Budak Teuneung*

Penerbit : Kiblat

Jumlah Kaca : 56 Kaca

**Gambar 3.6**  
**Jilid Hareup Novel**



*Budak Teuneung* téh buku kadua anu ditulis ku Samsoedi di taun 1931. Dicitak deui ku panerbit Kiblat taun 2018 (cetakan kalima). Ieu buku téh nyaritakeun kahirupan hiji budak yatim nu ngaranna Si Warji. Warji hirup kadua indungna. Bapana tilar dunya waktu manéhna masih kénéh umur dua taun. Ti samaotna Bapa Warji, Ambu Warji kadua anakna nandangan sangsara anu pohara. Sanajan bapana boga titinggalan keur pamajikan katut budakna tapi lila kalilaan mah harta banda anu ditinggalkeun téh béak. Antukna Ambu Warji digawé jadi tukang buburuh.

Zulfikar Alamsyah, 2020

**KONFLIK PSIKOLOGIS TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK TEUNEUNG KARYA Samsoedi**  
(*Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kakayaanana téh ngan nyésa hiji imah wungkul anu dijadikeun tempat panyalindungan jeung pangreureuhan.

Pasosoré basa indungna keur ngakeul di dapur, Warji datang rurusuhan nyampeurkeun. Manéhna hariweusweus ka indungna yén tadi nalika ulin, manéhna nulungan Asép Onon anu tigebrus kana sumur burung di kebon awi. Asép Onon téh anak Pa Lurah anu kungsi moyokan Si Warji pédah manéhna budak miskin. Ambu Warji nu ngadéngékeun caritaan anakna ngarasa bungah. Sanajan dipoyokan jeung dikekesek ku batur, geuning si Warji téh boga haté anu bersih. Buktina sacara ihlas nulungan jelema anu kungsi moyokan manéhna. Teu kungsi lila ti harita, datang Tua Kampung dititah ku Lurah pikeun mikeun baju urut Asép Onon keur si Warji. Ieu téh minangka hadiah keur si Warji sabab geus nulungan Asép Onon anu tigebrus di sumur téa.

Hiji mangsa indungna katarajang gering. Sabab teu boga béas di imah, Si Warji dititah nganjuk béas di warung Ambu Ijem ku indungna. Ambu Ijem téh randa nu katelah kopét jeung bawél. Najan kitu, warungna mah laku. Sok rabul loba nu meuli sagala rupa di dinya. Sabab si Warji teu boga duit pikeun mayar béas, antukna si Warji nandonkeun bajuna. Éta baju téh ku Ambu Ijem dibikeun ka anakna nu ngarana si Utun.

Si Utun héran sabab manéhna apal yén baju anu dibikeun ku si Warji téh bajuna Asép Onon. Ngarasa meunang ideu, manéhna jeung Begu sobat dalitna nyampeurkeun si Warji basa keur ulin di kebon awi. Majar téh cenah si Warji geus maling baju ti Asép Onon. Warji nu teu tarima disangka maling ahirna ngalawan. Ningali si Warji jadi wanian, si Utun ngepér tuluy lumpat. Sabab teu ningali titincakan, gebut baé manéhna labuh. Irungna getihan, tuluy manéhna bebeja ka indungna. Si Utun ngomong ka indungna yén si Warji téh geus neunggeulan manéhna nepi ka getihan.

Kalakuan nista Si Utun teu ngan saukur nepi dinya baé. Manéhna jeung si Begu kacaritakeun kungsi ngasupkeun gaang kana ceuli munding anu keur dianganon ku Si Adun babaturanna si Warji. Éta munding téh ngamuk tuluy neunggar si Adun nepi ka ngajoprak. Si Warji nu harita keur arék ulin ka sawah manggihan si Adun anu keur ngajoprak teu walakaya. Ningali kajadian éta manéhna yakin yén anu ngalakukeun téh Si Utun jeung Si Begu.

Ti saprak harita, Si Utun jeung si Begu téh sok ngaheureuyan si Warji. Kacaritakeun waktu Si Warji keur nguseup, manéhna disuntrungkeun ku Si Utun jeung Si Begu. Asép Onon anu kabeneran keur ngaliwat di sisi walungan, nempo éta kajadian. Sabab manéhna ngarasa boga hutang budi ka si Warji, Asep ngagebugan Si Utun jeung Si Begu. Warji anu kakara hanjat ti cai gé buru-buru mantuan Asép Onon keur ngalawan Si Utun jeung Si Begu.

Sanggeus kajadian éta, Asép Onon jeung Warji jadi nyobat. Malah mah unggal poé, pa Lurah kolotna Asép Onon sok ngajakan Warji datang ka imahna pikeun diajarkeun maca. Si Warji meunang rupa-rupa pangajaran ti Lurah. Antukna ku kapinteran Si Warji sorangan, sanggeus jadi jalma sawawa manéhna dipercaya pikeun mancén tugas jadi girang serat kelurahan. Sedengkeun Si Begu sarta Si Utun beuki maceuh dina urusan bangor saterusna jadi penjahat. Kajahatan Si Begu sarta Si utun kakara eureun sanggeus Si Warji kalayan teuneung ludeung néwak maranéhanana tuluy nyérénkeun ka anu berwajib. Minangka tanda pangajén. Warji narima kado ti Bapa Lurah.

### 3.5.2 Idéntitas Pangarang

Samsodi lahir di Bandung taun 1899 (tilar dunya dina umur 88 taun, tanggal 9 Méi 1987). Anjeunna mangrupa salasihiji pangarang Indonesia munggaran anu ngahususkeun diri nulis carita-carita budak. Manéhna ogé tapis dina ngagambar jeung nyanggi lagu. Satamatna sakola guru di taun 1917, anjeunna langsung dijenengkeun jadi guru bantu di Tangerang. Salila genep taun anjeunna ngawulang di dinya téh. Nalika ngawulang di Tangerang, anjeunna ogé sok babantu di Pangbuian keur barudak. Tujuh taun ti harita, pindah deui ka Jakarta sabab pindah gawé jadi rédaktur Balé Pustaka tepi ka gubragna jaman pendudukan Jepang.

Karyana anu munggaran judulna *Carita Nyi Halimah*, ieu buku carita téh medal taun 1928. Dua taun ti harita medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Ditéma deui ku *Jatining Sobat* jeung *Babalik Pikir* anu medal taun 1931. Dina jaman sanggeus merdéka, Samsodi kungsi ngarang dina Basa Indonesia. Dina majalah *Pasundan* kira-kira taun 1949.

Saupama nilik kasang tukangna mah Samsodi téh émang geus icikibung dina ngatik budak. Ti mimiti jadi guru nepi ka babantu di pangbuian keur budak. Ieu hal



téh mangrupa faktor eksternal anu ngarojong anjeunna pikeun nulis carita-carita budak. Anjeunna aktif pisan nulis buku-buku pikeun budak, taun 1993 ngaran Samsoedi dijadikeun ngaran hadiah pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda. Ieu téh minangka hadiah pikeun anjeunna babakti dina widang *sastra anak*.

Sumber: *Budak Teuneung* (Samsoedi, 2018)